


KRITIK SASTRA DR435



Wangenan Kritik

Etimologi/asal kecap

- Kritik → krinein = ngahakiman, ngabandingkeun, nimbang-nimbang.
- Krinein -- asal kecapna → kriterion = dasar-dasar mere timbangan, ngahakiman.
- Istilah kritik dina sastra geus dipikawanoh ti taun 500 SM.
- Jalma nu pangheulana ngritik kana karya sastra : Xenophanes jeung Heraclitus (urang Yunani).
- Karya nu kriitik ku maranehna nya éta karya Pujangga Homerus nu sok nyaritakeun Dewa-dewi. Ceuk Heraclitus jeung Xenophanes, lalakon nu dicaritakeun ku Homerus réréana bohong.
- Buku kritik nu medal munggaran → *Criticus* karya Julius Caesar Scaliger (1484-1585).
- Dina sastra Inggris abad ka-17, istilah *critic* dipaké pikeun jalma nu ngalakukeun kritik (kritikus) jeung kritikna sorangan.
- Taun 1677 (John Dryden), méré istilah *criticism* pikeun ngaganti istilah kritik.
- Istilah *criticism* ajeg pisan nalika John Dennis ngarang buku “*The Garound of Criticism in Poetry*”. Ti mimiti harita, istilah *criticism* dianggap leuwih loyog batan istilah *critic*.
- Ti harita kritik sastra mekar bareng jeung kagiatan kasusastraan.
- Di Indonesia, kritik sastra mimiti sumebar bareng jeung gelarna sastra di Indonesia (1920-an).
- Nu pangheulana nulis kritik (terapan) di Indonesia modern → Mohammad Yamin: *Sajarah Malayu* jeung *Syair Bidasari* (1920).

- Sunda.....?

Kritik sasatra → mere pangajen kana karya sastra ku cara nalungtik jeung nyaliksik kana eta karya kalawan ngungkarakeun kapunjulan jeung kahengkeranana.

Mangpaat jeung Guna Kritik sastra:

1. Kamekaran elmu sastra: nyusun teori jeung sajarah sastra
2. Kamekaran kasusastran: medar punjul jeung hengkerna karya, nepi ka sastrawan jadi eungeuh kana karyana sarta terus ngaronjatkeun kualitas karyana.
3. Nuyun pamaca/masarakat: masarakat dibere pangaweruh ngeunaan hiji karya nepi ka sacara teu langsung geus dituyun pikuen ngajugjugan eta karya.